Къебедовасда ритIухълъи батараб къоялъ руччабазул килисаялде ине хIадурав Варисов

Закир МухIамадов **2**

Рохьоре лъица инарулел ругел: полициялъищ, анашаялъищ?

Зульфия ХIажиева **3**

Миллат "Миллаталда" кIальалеб буго



Къо-мех лъикI, «Хlакъикъат» . . .

Лъикl щварав, «Миллат»!

7

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХIДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. ХIамзатов

№22 (22) 4 ноябрь 2011 сон МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

ПРЕЗИДЕНТ ДАГЕСТАНА — о друзьях, врагах и деньгах

4-5

редакторасул калам

Бичас биччани, парламент

Дун Халкъияб Собраниялъул сессиялде анлъго минуталъ кватIана. КIалтIа вугев чияс-да лъикIа – тIокIабги бицун, хIалихъе ворчIана жаниве. Пресса бащдаб сагIаталъ цере рачIине кколаян гъулгъудилев тана гьев чиги.

Залалда жаниве лъугьараб-го тIоцебе бер речIчIана **«Маслихат» ХIосенил, ГIабдула Дагановасул, МухIамад АхIмадовасул** гъуншбузда ва **Бегов ГIумарил** бухариялда. «**Приглашенные**» абун хъвараб кьерда дида лъалел чагIи гьел рукIана, Фазу гьечIоан гьений.

ГIодов чIун хадур гIемерал кIвар бугел, кидаго телевизоралда паркъулел гьурмал халлъана. Президент **МухIамадсалам МухIамадовасул** хисараб жо гьечIоан, цебесеб къоялъ **В. Путингун** дандчIваниги. Президиумалдаса ватIа тIун, нилъалзукь кверги лъун хал гьабун вукIана гьев халкъалъул вакилзабазухъ. Иргадулаб сессиялда гьоркьор лъезе рихьизарурал суалазул повестка бихьарабго, хехго къватIиве лъутизе санагIат бугеб гIадаб бакI бищана. Къоло ункъго законалъул проект бугоан гьеб къоялъ гьоркьоб лъолеб. Гьел кутакалда кIвар бугел ва интересал законал рукIанин дица абуни нужги божиларо, гьебги букIина гьереси. Гьелъул рахъалъ баянал хIажатав чиясе щвела **РИА** «**Дагъистан**» ва «**Дагъправдаялдаса**». Парламенталъул спикерас иргадулаб суал кьун бахъилелде вархиялда рорхулел мандатазул рохь лъугьунаан залалда, гьеб хIисабалда къоло ункъабго законалъул проектги тасдикъ гьабуна депутатаз. СагIатгун бащдаб заманалда къоло ункъго закон къабул гьабулеб парламент дунялалда бати щакаб жо буго. Иргадулаб суалалда тIаса цеве вахъана социалияб рахъалъ хьезариялъул министр И. Эфендиев. 20I2 абилеб соналъе «**потребительская корзина**» абураб жоялда тIаса доклад цIалулеб букIана гьев чияс. Киналго рахъалги хIисабалде росун, республикаялъул экономикаялда, цебетIеялда ва иргадулаб лъагIалие бихьизабураб бюджеталъул хIисабалда гьабунила гьеб корзинаян цIороберал рахъана министрас. Докладалдаса берал росарабго цо жагъалаб калимаги борчIана. « **Потребительская корзина на очередной год составлен с учетом всех особенностей нашей республики, в том числе национальных…»** абун лъугIизабуна министрас доклад. Гьелъул магIна щибан гьикъулев чиги вахъичIо залалда, вархиялда тасдикъги гьабуна. Гьелде кIвар кьезе бегьуларо, министрасул гьел рагIаби рорчIана доклад хъвараб тIанчидаса нахъе берал росарабго, жинда лъалел рагIаби абулаго тохлъукьего борчIараб гIадаб жо ккана. Халкъияб Собраниялъул депутатазул статусалда тIаса докладалъе рагIи бугин Амировасе абурабго цо цIорораб сихIкъотIи лъугьана залалда, цо щинав дов жидеда лъалев ватизе гурин батила. Цеве вахъана законал рахъиялъул комитеталъул нухмалъулев **Амиров МухIамад Саидович.** КъосичIого, лъикI цIалулеб букIана гьес доклад, тIаса суалалги рукIинчIо, нахъаса абизе таваккал тIамулелги рати щакаб жо буго. РагIи босана президент **МухIамадсалам МухIамадовас.** Доклад, депутатазулалда данде ккун, мадараб букIана. БатIи – батIиял цIиял рагIабиги абуна президентас: модернизацияйила, экономикаялъул диверсификацияйила ва гь.ц. Нилъеца кигIан экономикаялъул бицаниги аслияблъун республикаялда жеги хутIулеб буго хIинкъигьечIолъи цIуни ва гьелда сверухъ халкъ цолъизабиян абуна **М. МухIамадовас.** ХIажат буго власталъулгун халкъалъул бухьен, парламенталъул депутатаздa тIадаб буго гьеб рахъалъ бакIалъул масъалаби рорхизеги, гIадамазулгун бухьен щула гьабизегиян абуна президентас. Депутатал анкьида жанир кIиго нухалъниги жидерго округазде щвезе кколаян абуна президентас. Гьеб бакIалда дагьав гIедегIанин ккола президент. Киданиги абизе кколаро республикаялъул тIоцебесеб хъулухъалда вугев чияс, данделъи лъугIарабго кIочон толеб, тIадвуссун тIалаб гьабулареб жо. ТIоцебесеб иргаялда, цониги депутат унаро анкьида жанив кIиго нухалъ округалде, гьединаб хIажалъиги гьечIо, кIиабизе – президентас абураб жо цо нухалда гьабичIони, хадурги ругьунлъула гьел тIурачIого. **«Цере депутатал рукIана росабалъ ва шагьаразда гIарац бикьун рахъарал, жакъа гьечIогури нилъеда гьоркьор гIарцухъ рахъарал депутатал?»** - ин суал кьуна президентас. Журналистазул гьурмада сихIираб гьими халлъулеб букIана, депутатал цоял гIодор, цоял зодор ралагьун сихI къотIун чIана. Президентасул цевевахъиналдаса хадур иргаялда щибаб партиялъул вакилзабаз **МухIамадсалам МухIамадгIалиевичасул** рахъ кколеб бугин кIалъаялги гьаруна. Гьеб рецц-бакъалъул къецалъулъ тIоцебесеб бакI босанин абизе бегьула **«Единая Россиялъул»** вакил **ХIамидула МухIамадовас:**

«**Выступление президента Магомедсалама Магомедалиевича можно считать знаковым событием в нашей жизни, как и на съезде народов Дагестана…» -** ян абуна ХIамидулаца. Гьелда релълъараб букIана хадуб бицунебги. Рецц – бакъалъул гIаммаб хор биххизабуна компартиялъул депутат **МухIамад МухIамадовас.** Коммунистазе хутIаразе гIадин харжал гьечIин, бигьалъаби гьечIин байбихьана депутатас. "Киназдего гIагарун депутатазул хъулухъал руго, гIицIго ниж руго чIорого хIалтIулел чагIи. Анкьго моцI бана президентас дун къабул гьавуларого", – ян депутатас абурабго, хабар санагIат гьечIеб бакIалде унеб бихьун, МухIамадсалам гьоркьов жувана. Дуда кидаго къосунел руго дур льготабазул ва избирателазул суалал, мун гьезул киналгун дихъе вачIунев вукIаравин суал лъуна президентас. Гьев чияс жиндирабго ххенолеб букIана. Лъай бугел чагIи щайила рихьизаруларел депутатлъун абун вагъарана, гъос жинцаго бицунеб гIурус мацI рагIидал, гIурусазда гурхIилеб хIал букIана. КIиго нухалъ спикер гьоркьов жувана регламент цIунеян, заман лъугIанин, коммунистас жиндирабго ххенолеб букIана. Ахиралда жинца президентасул рахъ кколинги абун нахъе ана, хутIарал данде рукIарал гIадин.

ПартIан къоло ункъабго законги сагIатгун бащдалда жаниб къабул гьабун, залалдаса бачIараб суалалъе жаваб кьезе цеве ахIана **МВДялъул министр ГI.МухIамадов**.

Суал букIана динияв цевехъан **Сиражудин Исрапилов** чIварал чагIи кквеялъул, хIалтIи гьабулеб бугин, гIаммал рагIабиги абун ана министр. Гьебго суалалъе жаваб кьезе залалда цIех-рехалъул комитеталъул нухмалъулев **Алексей Саврулин** ватичIо. Дида гьев чи цониги сессиялда вихьичIин абуна спикерас, залалдаса тIаде вахъун гьединал чагIи щай ритIулел Москваялъин ахIана **«Правое дело»** партиялъул депутат **Шабанов МухIамадица**. Гьев вихьарабго дида гIолохъанав **ХI.МахIачевги** ракIалде щвана. Президентас **А.Саврулиниде** гIайиб биччачIо ва киналго данде рачун лъугIизабуна сессия. ХIасилазул дица бицинаро, сессиялдаса бичIчIана дида цохIо жо – киналго президентасул рахъалда рукIин ва дунялалда нилъер гIадаб хехаб парламент гьечIолъи. СагIатгун бащдалда жаниб къоло ункъго законалъул проектги тасдикъ гьабун, тIасакIалъаязецин заман гIуна къокъаб болжалалда жаниб. Гьеб тадбиралда цIарги букIана Халкъияб Собраниялъул сессия абураб, нижер кодор рукIарал кагътаздаги гьедин хъван бугоан.

◆ Закир МУХIАМАДОВ

Къебедовасда ритIухълъи батараб къоялъ руччабазул килисаялде ине хIадурав Варисов

13 сон унеб буго БежтIаса Къебедов МухIамадил жиндиргоги росуцоязулги ихтиярал цIунулаго. Гьелъул жавабчилъи тIаде кколел бакIалъул хIакимзабазе тамихI тIалаб гьабулеб буго гьес, амма гьелъие щибгIаги хIаракат бахъулеб гьечIо низам цIунулез.

Къеркьонни гьас кеп течIо, Цониги хIакимасе

Гьал къоязда МахIачхъалаялъул Советский районалъул судалда халгьабуна Къебедов МухIамадил гIарзаялъул. Гьев рази гьечIо ЦIех-рехалъул комитеталдаса. Гъалмагъиразда, яги такъсирал рагьиялъе гьеб комитеталъ щибниги гьабулеб гьечIин абуна гьес судалда.

Къебедов МухIамад машгьурлъана нухал рахъиялдалъун. ГIагараб БежтIа мухъалда гьесул хIаракаталдалъун бахъана кIиго нух.

Кинабго байбихьана 1991 соналъ. Къебедовас гIуцIана хасаб кооператив ва жувана Дагъистаналдасан Гуржиязул ракьалде нух къачIазе. Гьелъул манзилги 55 км. кколаан. Нух бахъана БежтIаса гуржиязул Вантилашев ракьалде. Кавказалъул рагъул заманалдаго букIараб гьеб нух къачIазелъун Къебедовас кредитал росана, амма гьел гIечIо. БежтIа мухъалда гIумру гьабулел чагIаз бакIарана гIарац. Нух къачIана, гIатIид гьабуна. Гьеб нухалъ чанги хъизан кваназабуна БежтIа мухъалда. БежтIал хьвадулаан гуржиязухъе пихъмичIалда хадур, гуржияз гьезухъа босулаан гьан ва хIан.

1997 соналъ хIукуматалъ хIукму гьабуна гуржиязулги Дагъистаналъулги гIорхъодасан унеб нухда хасаб пункт рагьизе. Гьелдаса нахъе мадугьалзабазулгун бухьенги къотIана. Гьедин анкьго соналъ Къебедовас гьабураб хIалтIиги гIадада ккана.

ХIукуматалъул хIалихьалъиялде кверги хьвагIун Къебедов жувана цойги нух бахъизе - БежтIаса жиндирго гIагараб НахIада росулъе. Гьелде щвезегIан гьениб букIана квешаб, лъелго гурони рилълъине бажарулареб нух. ГIазу-цIад байдал, гьенисан инеги захIмалъулаан. Гьедин нухлул щуго километр бахъизе кIвана МухIамадида.

Росдал чагIаз абула бакIалъул хIакимзабаз анцIго соналда жаниб гьабичIеб хIалтIи МухIамадица лъабго моцIида жаниб гьабунилан.

Гьелде щвезегIан НахIада-БежтIа нух бахъулеб букIана пачалихьалъул хIаракаталдалъун. Щуго километр бахъизе гIарац ункъо нухалъ биччана. Документаздаги нухлул багьа анцIцIул цIикIкIинабун букIана. Амма зама-заманалдасан гьениб хIалтIи чIезе толаан, гьелъие биччараб гIарацги билулаан, гьеб гIарцул лъалкIда хадув лъугьунев чиги вукIинчIо.

Росуцояз бакIарараб гIарцухъ Къебедов МухIамадица нух бахъун лъугIизабуна 1997 соналъул 20 ноябралда. Цодагьаб заманалдасан гIадамазда лъана гьеб нухлуе хIукуматалъ гIарац биччан букIараблъи.

Документалги рекъезарун, БежтIа участкаялъул автодоралъул нухмалъулес гIарац жиндирго чвантинибе ккезабун батанин бицана «Миллаталъе» Къебедовас.

Гьелда рекъон уголовнияб дело байбихьана гIицIго анкьго соналдасан - 2004 соналда! ЦIех-рехни гьабуна, амма гьелъул кинабгIаги хIасил ккечIо. Уголовнияб дело чанцIулго къана, амма Къебедовас ва росдалчIагIаз батIи-батIиял идарабазде гIарзаби хъван цIидасан рагьулеб букIана гьеб.

Къебедовас абулеб буго гьеб бикъарабщинаб гIарац хвезабизе бегьулаанин росулъ ругел цогидал масъалаби тIураялъе.

«Законазулъ бада-гъудур букIиналъги, тIадежоялъе, гIадамазда жидерго ихтиярал цIунизе лъангутIиялъги гIезегIан чи вуго чиновниказ инжит гьавулев. Гьеб жо чIалгIун буго дида. КIварас кIвараб хIаракат бахъизе ккола жал гьедин гьаричIого рукIиналъе. Гьеб рахъалъ иш рукIалиде бачIине ккани, тIоцебесеб иргаялда, гIадлу жалго закон цIунулел идарабаздаги букIине ккола. Гьале берда бихьулаго дица гьабураб хIалтIухъ хIукуматалъ биччараб гIарац жиндирго чвантинибе ккезабурав чиясе тамихI гьабизабизе кIоларого 13 соналъ къеркьолев дун вихьуларищ? Дида ккола ихтиярал цIуниялъул рахъалъ Дагъистан дунялалдаго бищун ахада бугин. МахIцараб хIукуматалда гIумру гьабулел ругел нилъеда бихьулеб гьечIищха закон цIунулел киналго идарабиги гьезда релълъарал цогидалги махIцун рукIин, намусин абураб жоги хутIун гьечIо гьезул бадиб. РитIухълъи тIалаб гьабизе кIолеб Дагъистанищ хутIун бугеб?» - ян бицана МухIамад Къебедовас «Миллаталъе».

! Гьале берда бихьулаго дица гьабураб хIалтIухъ хIукуматалъ биччараб гIарац жиндирго чвантинибе ккезабурав чиясе тамихI гьабизабизе кIоларого 13 соналъ къеркьолев дун вихьуларищ? Дида ккола ихтиярал цIуниялъул рахъалъ Дагъистан дунялалдаго бищун ахада бугин. МахIцараб хIукуматалда гIумру гьабулел руго нилъеда бихьулеб гьечIищха закон цIунулел киналго идарабиги гьезда релълъарал цогидалги махIцун рукIин...

ХIакимзабаз бикъараб гIарцул кинабгIаги цIех-рех гьабулеб гьечIолъиялда бан Къебедов МухIамадица судалде кьуна Дагъистаналъул ЦIех-рехалъул комитет.

Судалде вачIарав гьеб комитеталъул вакил Варисовас абуна уголовнияб дело некIого къан бугин, гьелъие кIиго гIиллаги бугилан: цин бугони, такъсир гьабуралдаса гIезегIан заман ин, кIиабилеб иргаялда, жибго такъсир гьабиялъул хIужа чIезабун гьечIолъи.

Къебедов МухIамадихъ ругоан батIибатIиял идарабазде хъварал кагьтазе рачIарал жавабалги цогиги документалги. ГIаммаб куцалда гьениб хъвалеб буго гьеб хIужаялда сверун хIалтIи гьабулеб бугилан.

КIиябго рахъалъухъги гIенеккун судияв жиндирго кабинеталъуве индал, Варис Варисов вугоан Къебедов МухIамадида тейин гьеб кинабго жо, щиб гьабуниги кIоларин дуда дурабго билълъинабизе. Нагагьлъун кIванани, жив руччабазул килисаялде инин.

Гьесул рагIабазде кверги хьвагIун Къебедов жувана кодор ругел къагьтазул гIадлу гьабизе.

Судияв тIадвуссана. Цинги гьес къотIана Къебедовасе данде кколареб хIукму. Къокъ гьабун абуни, судияс рикIкIунеб буго бицен гьабулеб нух бахъизе биччараб гIарац бикъиялъул цIех-рех гьабулеб букIанин цIех-рехалъул комитеталъ. Щайгурелъул прокуратураялдасаги комитеталдасаги Къебедовасе кьолел рукIарал жавабазги нугIлъи гьабулин гьелъие.

Щуго нухалъ байбихьанин гьеб хIужаялда бан уголовнияб дело, щуябго нухалъ къазеги къанилан бицана М. Къебедовас.

Гьанже щиб гьабизеха ракIалда бугебин кьураб суалалъе «Жегиги къеркьела» ян бер къапичIого кьуна Къебедовас жаваб.

Миллатчилъи – Россиялъе цIияб гIасруялда аслияб хIинкъи

Ахираб заманалда Россиялъул халкъияб информациялъул алатаздаса – газетал, телевидение, интернет цIун буго миллатчилъиялъул хатIабаз, ахIияз, бахIсаз ва тIасакIалъаяз. Гьал къоязда Москваялда дагъистаналъул ва калмыказул студентазда гьоркьоб ккараб гьитIинабго тунка – гIусиги лъугьана СМИязул гьурмазда аслияздаса цояб лъугьа – бахъинлъун.

ГIажаибаб хIалтIи, Москваялда дагъистанияс гIурусасда, яги калмыкасда кьабураб заралъул бицунеб буго тIубараб улкаялъ, щибаб моцIалъ Россиялъул регионаздаса чIван рачIун аэропорталда дагъистанияз дандчIвай гьабулел жаназабазул я нилъераз, я Москаваялдаса кьолеб рагIичIо. ГIурусазул цо экспертас абулеб буго: «СМИяз цIакъ кIвар буссинабулеб буго кавказиязда сверухъ ругел лъугьа – бахъиназде. Пачалихъ кIудияб буго, рагъ – кьалги камилищха гьелда жаниб гIадлу гьечIеб механалъ. КIиго гIурусав вагъизе кканин кьураб цIияб хабар лъиеха хIажат букIинеб? Дагъистанияв яги цогидаб кавказалъул миллаталъул чагIазул тунка-гIусиялде кIудияб кIвар кьола газета цIалулез ва телевизоралъухъ ралагьулез ва гьеб киназго цоцахъе кьун тIибитIула пачалихъалдаго. Амма гьединаб информациялъул политикаялъ ва сврухъ гьабулеб хъуялъ Россиялда ишги хIалуцинин, парахатаб къоги биччаларин рикIкIунеб буго политолог Энвер Кисриевас.

Кавказалъул гьумер

Пачалихъияб думаялъул депутат Александр Гуровасул Кавказалда, Дагъистаналда бугеб ахIвал–хIалалда ва гьезул Россиялда бугеб хьвада-чIвадиялда тIаса буго жиндирго пикру:

«ГъалатIлъун рикIкIине бегьула пачалихъалда миллиял гьоркьорлъабазул министерство тунгутIи. ГьечIо анализ, лъазе кIолеб гьечIо Кавказалъул халкъазда гъорлъа бищунго рагъ-кьал гьабулел ва ццидалал дагъистаниял щай ругелалиян абуна Гуровас.

ГIиллалъун депутатас рехсолеб буго ункъго батIияб рахъ: тIоцебесеб иргаялда хIалтIизе бакI гьечIолъи, гьелъ дагъистаниял кколел руго республикаялдаса къватIире, гIемерисезе бокьулеб буго хIалтIиялдаса «тира – свери». КIиабилеб: гIорхъолъа араб коррупция, гьелъ гIолилал божулел гьечIо республикаялъул тIалъиялда ва пачалихъалдаго данде унел руго гьелъул хIасилалда. Лъабабилеб: Дагъистаналда гIолилазе гьечIо хасав чи жиндаса мисаллъун восизе бегьулев. КигIан СМИяз Россиялда каниги Чачаназул дова гьеб рахъалъ гIолилазе мисаллъун вуго Рамзан Къадиров, гьесухъ гIенеккулел руго гIолилал ва гьесда божулелги руго. ЛъикI букIинаан Дагъистаналдаги гьедин президентасухъ гIенеккани. Ункъабилеб бакIалда А.Гуровас лъолеб буго динияб экстремизм. Гьелъ кьалбал риччан руго Дагъистаналда, киналгIаги идеалал, мисалал гьечIел гIолилал кколел руго гьезул кьеразулъе, тIаде ккорупциялъ ва ращаголъи гьечIолъиялъ квербакъиги гьабунин рикIкIунеб буго депутатас. Гьениб лъиениги балъголъиги гьечIо. Ихтиярал цIуниялъулги, социалиябги, динияби ращаголъи гьечIеб бакIалда тIаде миллияб рахъалде балагьун мекълъаби гьаруни ва киназего гIаммаб закон пачалихъалда гьечIони, гьелда рекъарал букIинарищ дандерижиялги.

◆ ГIали МУХIАМАДОВ

Надиршагь щущазавуна цолъиялъул къуваталъ

Гъумекиб МуртазагIалие памятник рагьи гIадин мурад гьечIеб жо Дагъистаналъул тарихалда хурхун цебехун киданиги гьабун букIун батиларо ва хадубккунги гьабизе течIониги лъикI. ВукIинчIо Надиршагьасде гьабулеб рагъулъ цохIониги хас гьавун жив вихьизавизе кколев багьадурги, букIинчIо цохIо росдал бахIарчилъиги. Доб букIана тIолалго миллатазул цолъиялъ ва цадахъаб къеркьеялъ босараб бергьенлъи. ГIандаллъиялда гьесул боял (кигIанал гьел рукIаралали лъазе кIоларо, рикIкIарав чи вукIинчIо) гъуриялъул хIужа жакъаялдаса гIасрабаз цебехун тарихалда рехсон бугелъул, гьелда сверухъ бахIсал гьариялъул зарал гурони, пайда я тарихалъе, яги Дагъистаналъе букIунаро.

БакI ккведал, «Миллаталда» бахъун букIараб, тарихияв гIалимчи Тимур Айтберовасул баяназда хурхун чанго пикру загьир гьабизе бокьун буго дие. ГIелмиял цIаралги ругев, гъваридго тарихги лъалев чи гурилан бахIсалде лъугьинчIого чIаниги бегьилаан. Амма лъугьине кколев вуго, гьебго гIелмуялъул лъайги щварав ва дирго пикру бугев чи хIисабалда.

Абизе ккола тарихияб гIелму бугин жинда божизе захIматаб, гьереси гъорлъ гIемераб ва бокьахъин рекъезабулеб жойилан. ХIурматияв Тимур Айтберовасда ва цогидалги гIалимзабазда квеш букIинареб батила, гьаб предметалдаса ракI буссанин ва божи лъугIанилан дица абуни. Гьебги жакъа ккараб хиси ва бижараб пикру гуро.

Гьединлъидал, лъабгогIан гIасруялъ цебехун букIараб доб ишалъул бицен гIаммабго Дагъистаналъул бахIарчилъи бихьизабун гурони гьабизе бегьуларо, гьелъ миллатазда, хIатта цохIо миллаталда гьоркьобги рикьи ккезабичIого толаро.

ГIадада гуро советияб заманалда тарихалда бихьизабун букIараб доб бергьенлъи тIолабго Дагъистаналъул халкъазул кколилан. ГIенеккизин гьезул пикруялъухъ: «Дагъистаниял хIадурлъулел рукIана кьвararаб дандечIеялде. Аварияльул киналго бакIаздаса гIадамал гIандалалде ракIаризе байбихьана. Тушманасул тылалдаса Аварияльде рачIунел рукIана тумал, даргиял, кубачиял, лезгинал, лъарагIал, хайдакъал ва цогидалги. Гьел гьедулел рукIана, - ян буго биценазулъ – эхере чвахулел гIорал тIад руссаниги тушманасда мугъ бихьизабичIого рагьизе, «Бергьенлъи яги хвел!» Абураб букIана гьезул гьа».

ТарихчагIазе гьединаб къиматалъул гIолареб жо щибха бугеб? Щай 50-60 ва цIикIкIун соназ цебего цIех-рехалги гьарун хъварабщинаб хисизабулеб? Щибали киналиян гIаммаб бергьенлъи бикьизе ва жиде-жидее цIикIкIинабизе хIалал рихьиялъул хIасил щиб?

Тимур Айтберовасе баяналъе, бицен гьабизе бокьун буго цо гьадинаб хIужаялъул. Араб гIасруялъул 80 соназде университеталъул тарихалъулаб факультеталда ниж цIалулелъул КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 30 сон гурони ун букIинчIо. ГIемерал рукIунаан студентазе семинаразде хIадурлъизе рихьизарулел источникал, гIезегIанал рукIана рагъда гIахьаллъарал полководцаздаса байбихьун, мухъилал рагъухъабазде щвезегIан гIадамаз хъварал ракIалде щвеялги, мемуаралги.

Гьебго заманалда абулаан гIицIго цо Г. Жуковасул гурони ракIалда щвеязда мугъчIвай гьабизе бегьуларила, хутIаразул гьел гъорлъ гьерсал гIемерал ругилан. Гьедин букIана кIикъого соналъ цебехун, рагъ лъугIун лъеберго сон индал. Гьанже Г. Жуковги гьересиявлъун гьавуна, КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ хъварабщинабги гьересияб бугилан нугIлъиялъе росулел хIужабиги гIемерал руго. Лъабнусго соналъ цебехун букIараб Надиршагьасул гьужумалда хурхун харбал кигIанал рекъезарун ратилел. Гьединлъидал «аваразул хан хутIизегIан цогидал ханзаби Надириде гъоркье ун рукIана» ян хъвазе цохIо аваразул тарихчиясухъа гурони бажаруларе пикру загьир гьаби бугилан ккола. Щайгурелъул 18 гIасруялда Дагъистаналъул тарихалъул букIинчIо я тартиб, яги мухIканлъи. Щвара-щварас рецц жидеего гьабун ва жалго багьадурзабилъун рихьизарун гIуцIулел рукIана «документалиял хIужабиги» хъвалел рукIана ракIалде щвеялги. Гьединал «источниказдаса» пайдаги босун ва «Тарихчиясул ихтияр букIуна – цо хIужабазда ва документазда мугъчIвайги гьабун жинцаго хIукму къотIизе…» абураб къагIидаялда гьанжесел тарихчагIаз таваккалалда жидерго миллаталъе пайдаялъе, рецци цIикIкIунедухъ цIарги щоледухъ хъвалел руго тIахьал. Гьедин Дагъистаналъул югалдехун бугеб миллаталъул тарихчагIаз бихьизабуна Надиршагьил боял жидеца чухIун рукIанин, гьенисан рорчIарал, лъутизе щварал къокъаби анин Гъумекиреги, ГIандалалдегиян.

Цоги мисал. Т. Айтберовас абулеб буго Хайдакъалъул уцмияс Надиршагьасе яс кьунила гьесукьа хIинкъун. Гьебго хIужа политикияб кьералъги белъун, батIияб магIнаялъе рикIкIине бегьулеблъун бихьулеб буго цо-цо тарихчагIазда. Гьез абулеб буго церецел гIасрабазда ханзабазе ясал кьейги, ханзабазул ясал рачинги букIанила кIвар бугеб ишлъун, гьедин щула гьабулаанила дипломатияб гьоркьоблъи, балагьулаанила ракълилаб нух. Гьадинго ургъаниги, Уцумиясул яс, анкьица мунпагIат босизе къваригIун йикIун ятани, щай гьей шагьас ячуней йикIарай? Гьелда хурхараб кинаб «хIакъикъияб документ» архивазда Тимурида батараб?

«Къажараз жидеца рахъарал ракьазда зулму-хIал гьабулеб букIун буго» ян абураб жоялда, тарихалда хъвай-хъвагIай ва архивазда баянал гьечIел ратаниги божизе бегьула. ЦохIо ЧIарахъ росулъ гурелги кьун ратила къажараз руччабазеги гIакъуба. Щай гурелъул гьедин гьабуларел гIадамал чияр ракьал рахъизе ва хъамал гьаризе рачIунаро, унаро. КигIанго гIадлуяб армия бугониги гьеб гIадлу хвезабулелги камуларо. Нилъеда лъала исламалъул нух кквезеян ва гьеб цIунизеян вагъулев вукIарав имам Шамилил боязул церехъабазги чабхъада талавурлъи гьабулеб букIараблъи. Гьединлъидал кIодо гьабун бицине кколеб яги кIвар кьун бихьизабизе къваригIараб жо гьебги гуро ва Сурхайханасул лъадул рахъалъ лъалелги лъаларелги жал рицунел рукIиналъ цIалдолезе яги хъвадарулезе щибниги кьоларо. Гьез тарихги бечелъизабуларо.

Р.S. МухIамадов ГIалил пикруялъе гIаксияб, Надиршагьасул къеркьеялъулъ къаралаз бихьизабураб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ халкъияб кочIол баянал кьолел руго Дагъистаналъул халкъияв поэт ГIабдула Дагановас макъалаялъулъ.

ЦIале хадусеб номералда

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Рохьоре лъица инарулел ругел: полициялъищ, анашаялъищ?

Дагъистаналда гIолохъаби рохьоре иналъе аслияб гIилла закон цIунулезда ццим бахъин кколин жаваб кьун буго гьал къоязда жамгIиял хIаракатчагIаз гьарурал гьикъа-бакъиязда дагъистаниязул кIиазаридаса цIикIкIун чияс. Гьелги кколел руго 18 сон барал гIолилаздаса байбихьун 80 сонилъе рахарал батIибатIияб махщалил гIадамал.

Гьез тIаса бищизе кьун букIана ункъо суалги:

1) гIолохъаби рохьоре иналъе гIилла Дагъистаналда шаригIат билълъанхъизабизе къваригIиналъ гIадамазда гьоркьоб диниияб рагIи дандеккунгутIи лъугьинищ?

2) закон цIунулез гIакъуба кьурал гIага-божараздаса рецIел босизе къваригIинищ?

3) хIалтIи гьечIого хутIийищ, ялъуни цогидабищ?

Гьел суалазул кIиабилеб тIаса бищун бугоан гьикъа-бакъи гьарурал гIадамазул бащадазниги. ЦIакъго дагьаз гурони рикIкIунеб гьечIо доре унел гIадамал хIалтIи гьечIого хутIиялъ, бетIербахъи гьабизе бажарунгутIиялъ унилан.

Гьеб гьикъа-бакъи гьабурал жамгIиял хIаракатчагIазда гъорлъ йиго Гульнара Рустамоваги. Жидер офисалде цо чияс балъго рехун батараб кагътил бицунеб буго гьелъ. Рохьоса къватIире рачIун, ярагъги гIодоб лъун халкъ ракълиде ахIизе республикаялъул хIукуматалда цебе гIуцIараб комиссиялъ гьабулеб жо гьечIин хъвалеб буго гьев чияс. Масала, дагьалъ цебе Гъизляр районалда гIилла-мурад гьечIого туснахъ гьавунила 50 чи. Бихьиназда цадахъго руччабиги ругин рохьоре унелин бицунеб буго Г. Рустамовалъ довго чиясул кагътиде мугъчIвайги гьабун. Масала, рохьов вугев росасе гIоло закон цIунулез жиндие гIакъуба кьеялда хIинкъун кIиго моцI бан буго цо гIаданалъ росасда цадахъ рохьоб. Хадуй яхъун йиго гьениса къватIие. Амма гIакъубаги кьун закон цIунулез жаний тIамун йиго.

Цее «Черновикалъул» йикIарай бетIерай редактор Надира ГIисаевалъ рикIкIунеб буго закон цIунулез гIакъуба кьолебгIан, чиновниказ ришватчилъи цебетIезабулебгIан механалъ лъугIизе гьечIин гIолохъаби рохьалъе инилан.

ЦIи рахъарал «рохьилалги» ругин гьанже гIемерлъунилан рикIкIунеб буго Зубайру Зубайруевас (Информациялъул политикаялъул рахъалъ ДРялъул президентасда цебе гIуцIараб Управлениялъул начальникасул ишал тIуразарулев). Гьесул пикруялда рекъон, рохьоре ун чIаразда гъорлъ руго гIумруялда битI ккечIел, лъай щвечIел, хIалтIи гьечIого хутIарал, хъизанал хьихьизе бажаруларел гIадамал. Гьединго руго анаша бухIулел, гIаракъи гьекъолел гIолохъабиги.

Гьеб кIиялдасаго инкар гьабизе бигьалъизелъун унин гIолохъаби рохьалъеян абураб пикру буго республикаялъул цогидал чиновниказги.

ГIолохъаби рохьоре ун чIеялъе жаваблъун гьел церехун рехсарал киналго гIиллаби рукIине рес бугин абулеб буго «Миллаталъе» Балахьуниса Расул Шариповас. Милицабазда ццим бахъунилан рохьоре унел ратани, чиясде бергьун кIудияб балагь бачIун букIине кколила.

«Амма, байбихьуда кинан гьел гьенире унел ругониги, гьезул киназулго ахир цого кколеб буго - щиб гьабунги квердеги рачIинчIого, гIицIго президентлъун вукIаго МухIу ГIалиевас Юлия Латыниналъе кьолеб интервьюялда абуна гьелъул хIакъалъулъ. ТIокIаб гьелъул бицунев чиги гьечIо.

Чаракъосин

Гьеле нужее хIакъикъат. Ришватчилъиялъулги бицине, гIолохъабазе хIалтIи къваригIун букIинги цебе лъезе, гражданияб рагъ чIезе теян ахIиги базе 3 ноябралда къватIире рахъарал нижее гьабураб жоги лъалаха киназдаго. Митингалдаса рачун Советский РОВДялъул СИЗОялъур тIамуна цо-цоял.

ПалхIасил, Москваялъе къваригIун гьечIо нилъер гьанир заводалги цогидабги бан, гIадамал хIалтIулел рукIине, гьезие къваригIун буго нилъ цоцаца чIвалел ва рагъулел рукIине. Гуреб батани, щай цониги программа, проект билълъанхъизабулареб, цониги завод хIалтIизе биччалареб? Рагъулел гьечIони, халкъ хIалицаго тIамулеб буго гьеб гьабизе. Доба ЦIунтIа районалъул ХIупри росулъ закон цIунулезгун аскарияз рокъорокъоре рачIун гIадамазе кьураб гIакъубаялъул бицунеб буго гурищ?».

№22 (22) 4 ноябрь 2011 сон

ПРЕЗИДЕНТ ДАГЕСТАНА — о друзьях, врагах и деньгах

◆ М. АХIМАДОВА

В Доме правительства Республики Дагестан пугающе тихо. По коридорам неслышно передвигаются сотрудники разных уровней, ковровые дорожки поглощают звуки их шагов. Двенадцать часов дня. Последняя спецоперация проведена в Махачкале пару дней назад. В приемной президента Магомедова в глаза бросается тканый портрет президента Медведева, который ткачам явно не удался.

Вхожу в кабинет президента. Он поднимается навстречу и идет вдоль длинного полированного стола пожать мне руку. Высокий. В костюме, как все чиновники. Впрочем, этого человека вообще сложно представить в чем-то другом — кажется, он так и родился в костюме: Магомедсалам Магомедалиевич Магомедов, президент и сын президента.

— Когда ваш отец руководил республикой, вы могли себе представить, что займете его место? — спрашиваю я, уже сидя напротив.

— Тогда, откровенно говоря, я так не думал, — отвечает он. — Я вырос в семье политика, но не могу сказать, что отец активно вовлекал нас в происходящее. И тем не менее к политической деятельности я приобщился рано: наблюдал, видел, знал. Был депутатом Народного собрания трех созывов.

— Вы пошли в депутаты, чтобы стать президентом?

— Я пошел туда потому, что избиратели выдвинули мою кандидатуру. Я считал, что, будучи депутатом, могу оказаться полезным своим землякам. Я старался решать социальные вопросы — строительство школ, больниц, спортивных залов, газификация района. Естественно, это дает большой опыт: ты учишься понимать нужды своих избирателей и ориентироваться в коридорах власти. В тот период я даже не думал, что могу стать президентом республики. Когда уходил мой отец, депутаты избрали меня председателем Народного собрания, но и тогда мне казалось, что нужно еще много работать…

— Почему?

— Не потому, что у меня не было амбиций, идей или планов, а потому, что существует какая-то динамика развития событий. Я думал, какое-то время мне нужно поработать в Народном собрании. Когда я ушел с поста председателя, то в течение двух лет занимался другим делом: в активной политике меня не было, но я оставался депутатом. За несколько месяцев до избрания мою кандидатуру начала рассматривать «Единая Россия». Наверное, с этого момента все и стало реальным, — говорит он, и я вижу, что мои вопросы его удивляют: договариваясь о встрече, я обещала спрашивать лишь об экономике и «социальных аспектах». Я его обманула. Но он все равно отвечает.

— А вам, как сыну президента, не казалось, что власть — тяжелое бремя? — Пока в каждом вопросе я напоминаю ему о том, что он сын президента.

— Я знал, что руководство республикой — огромный напряженный труд, и человек многое теряет. Он теряет свою личную свободу, возможность общаться с семьей и друзьями. Особенно когда руководишь таким регионом, как Дагестан, где много нерешенных проблем. Для меня это было очевидно, еще когда республикой руководил мой отец: мы с ним не так часто общались, все время он проводил на работе. Время тогда было напряженное, да и сейчас не лучше.

— Вы работали преподавателем и знаете несколько поколений дагестанской молодежи. Чем нынешние юноши и девушки отличаются от своих сверстников, учившихся, скажем, пятнадцать лет назад?

— Молодежь во все времена одинаковая, — быстро отвечает он.

— Но сейчас среди них так много максималистов-радикалов…

— Проблема не столько в молодежи, сколько в условиях, в которых эта молодежь растет. К сожалению, у нас мало возможностей для получения хорошего образования, еще меньше — для достойной работы.

— Это из-за коррупции в вузах? Я два года назад готовила репортаж из вашего университета — студенты во время сессии стояли по коридорам с пачками денег…

— Прямо в коридоре с пачками вряд ли стояли, — усмехается президент. — Коррупция в вузах существует, и с этим надо бороться, поскольку, во-первых, снижается качество образования, — говорит он, а я думаю о том, что в этой республике подобные слова произносятся постоянно и без каких-либо последствий. — А во-вторых, ухудшается отношение к человеку, который имеет научную степень. А молодежь… Она действительно стремится к лучшему, строит планы. И если мы не можем предоставить ей нормальные условия, их энергия уходит в ненужное русло. Раньше велась какая-то целенаправленная работа — идеологическая, воспитательная. Сейчас ее нет, и этим пользуются те, кто хочет внушить нашей молодежи экстремистские идеи.

— А какую идею можно предложить дагестанской молодежи, чтобы объединить ее и направить в… хорошее русло?

— Национальную?

— Не знаю.

— Объединительную?

— Да.

— Это вечная тема — поиск национальных объединительных идей. Но я же говорю: надо не столько идею искать, сколько создавать условия для нормального развития. У нас самая молодая республика: молодежь составляет больше тридцати процентов жителей, средний возраст дагестанца не достигает двадцати восьми лет. Прирост населения у нас за последние двадцать лет увеличился в полтора раза, и каждый год в трудоспособный возраст вступают тридцать — шестьдесят тысяч молодых людей. Им нужно предоставлять условия…

— Так почему не предоставляют?

— Потому что не хватает инвестиций. Нужно больше школ, больше больниц, спортивных учреждений. Наша республика небогатая, бюджет дотационный, поэтому своих собственных возможностей недостаточно.

— Распространено мнение, что дотации, выделяемые республике, разворовываются чиновниками. Это, конечно, неприятно — то, что я говорю…

— Ничего, ничего… — успокаивает Магомедсалам Магомедалиевич. — Да, это распространенное представление, но оно несколько утрировано. Никто тут лопатами федеральные деньги не гребет. Почти семьдесят процентов нашего бюджета — это зарплата учителей, врачей, государственных служащих и так далее. Эти деньги невозможно украсть. Но могут быть хищения инвестиционных денег, которые идут на какие-то проекты, строительные подряды. Вот здесь нужен жесткий контроль.

— И он есть?

— Мы активно боремся с коррупцией. Я считаю, что коррупция — один из элементов, мешающих развитию, но это не чисто дагестанская проблема. Коррупция — проблема всей страны. Есть мнение, что на Северном Кавказе коррупция выше, чем в остальной части России, но тут можно поспорить. Нужно сделать так, чтобы правоохранительная система и общественность жестче контролировали ситуацию. Я ни одного человека не буду ни прикрывать, ни защищать. Я в своей команде ни одного такого терпеть не собираюсь, — говорит президент то, чему очень хотелось бы верить. — Но нужно кроме пустых разговоров иметь какие-то конкретные факты…

— Я была потрясена всеобщей ненавистью к мэру Махачкалы Саиду Амирову… — это я о человеке, с которым отец Магомедсалама работал в связке на протяжении всего своего президентства.

— Почему? — спокойно спрашивает мой собеседник.

— Дословно говорят: его давно пора убрать, он продал весь город. И все те, с кем я общалась, признавались в ненависти к нему. И они просили меня это вам передать.

— Да нет… Вы же не со всеми общались. Есть и другие мнения. Большинство считает, что он много сделал и город развивается. Если бы он имел такую репутацию, как вы говорите, наверное, люди не выбрали бы его мэром.

— А может, они просто никак не могут повлиять на ситуацию?

— Для этого существуют выборы. Если за него проголосуют, он останется, если будут против — уйдет. Конечно, ко всем руководителям городов и районов у населения есть претензии. Но нужно принимать в расчет и возможности, которые есть у этих руководителей. Республика на самом деле небогатая. Невозможно своими силами поднять экономику и улучшить социальную инфраструктуру. Правда, Махачкала большую часть расходов покрывает самостоятельно — за счет своих доходов. Это и понятно: здесь финансовый центр и основные промышленные предприятия. Но многое еще предстоит сделать.

— Десять лет назад город был другим. Были деревья, цветы… А сейчас участок, где стоит Дом правительства, самый симпатичный, а вокруг — чахлые деревья и самовольные пристройки практически к каждому дому.

— Зато посмотрите, сколько построено новых домов, — возражает президент. — Это ведь тоже показатель.

— Когда говоришь с людьми, готовыми уйти в лес, и просишь их описать рай, который им за это обещают, они говорят: в раю красиво — природа, цветы, деревья… Они описывают то, что и здесь могло бы быть.

— В лес они уходят не потому, что там хороший воздух. Не потому, что там зелени много,— усмехается он.

— И тем не менее они говорят о красивой природе в раю.

— Согласен с вами. Зеленые зоны должны быть. Сейчас мы пересматриваем генеральный план развития Махачкалы. Надо активнее использовать морское побережье, это огромный ресурс… В Москве ведь людям тоже не все нравится.

— На днях я была на спецоперации, — говорю я, и лицо президента становится очень серьезным.

— Да… — кивает головой он, и я понимаю, что все эти вопросы ему крайне неприятны, но, в отличие от своего соседа — президента Чечни — он не позволит себе это показать.

— А потом я видела трупы… тех людей, которые были там убиты, — продолжаю я. — И я поняла, вот честно: с этим ничего нельзя сделать.

— С трупами?

— С ситуацией в Дагестане. С трупами — понятное дело, они уже не оживут. И мне кажется, что вы, как президент, сейчас в очень странной и трудной ситуации.

— Такое ощущение у вас возникло после того, как вы побывали на спецоперации? — напряженно спрашивает он.

— Конечно. Пока я была в городе прошло три спецоперации — на двух я была. И я понимаю: поставь меня президентом, простите за сравнение, я бы ничего не смогла сделать. Решить эту проблему невозможно. Все будет только хуже.

— К сожалению, это необходимая часть работы. Никому не нравится проводить спецоперации. В них, хотим мы этого или нет, гибнут люди. Гибнут наши, дагестанцы. Но… ситуация такова, что, к сожалению, сформировалось террористическое бандподполье, которое прикрывается совершенно чуждыми идеями, ничего общего не имеющими с реальной религией, реальным исламом. Они не слушают и не слышат призывов к диалогу. Я неоднократно пытался его вести. Мы готовы с ними разговаривать.

— Разве вы сами можете с ними разговаривать?

— Почему нет? Могу.

— А как? Что вы можете им сказать?

— Выходите из леса. Складывайте оружие. Прекратите эту совершенно несправедливую войну. Не стреляйте в мирных граждан, не стреляйте в работников правоохранительных органов. И мы вас адаптируем к нормальной жизни. Но они этого не хотят, у них совершенно другие базовые ценности и установки. Они хотят жить в другом государстве.

— В шариатском?

— В шариатском или другом каком. Они хотят жить вне России. Но абсолютное большинство дагестанцев свой исторический выбор сделали и видят свою судьбу только в составе России. И мы считаем, что это наиболее перспективный путь развития. А та часть населения, которая с этим не согласна, — ее немного, но она активна. И если они становятся террористами и начинают убивать людей, другого пути, кроме как противопоставить им силу, нет. Другое дело — чтобы люди их не поддерживали. Для этого надо работать, разъяснять. То, что они проповедуют, не имеет ничего общего ни с нашими традиционными ценностями, ни с нашей культурой, ни с нашей религией, — негромко, но жестко говорит он, и я, вспоминая, что когда-то он работал преподавателем, думаю, что наверняка вот таким голосом он повергал в трепет нерадивых студентов. — Они убивают женщин, учителей, на их минах подрываются дети, совершенно маленькие дети, на пляже гибнут совершенно ни в чем не повинные люди, — продолжает он, и я отмечаю про себя: любимое

слово Магомедова — «совершенно». — Люди, которые зашли в кафе выпить чаю или перекусить, могут пасть их жертвой. Какое здесь может быть объяснение? Никакого.

— Но на месте одного убитого тут же появляются трое живых…

— Не обязательно. Почему они должны появляться?

— Потому что у всех есть братья, родственники.

— Многие братья и родители осуждают их, пытаются переубедить. Мы через семьи с ними разговариваем. Но они же ничего общего не имеют с семьей. Один из них своего родного отца заказал.

— Это единичный случай.

— Это их идеология, это не единичный случай! Они все такие.

— Они молодые и хотят лучшей жизни.

— Они хотят другой жизни. Не лучшей. Другой. Они хотят загнать Дагестан в средневековье!

— Юноша, которому восемнадцать лет, никуда не может загнать Дагестан. Он хочет, чтобы его не унижал гаишник на дороге. Он хочет какого-то финансового минимума, на который можно содержать себя, свою семью, хочет уважать себя.

— Так… И что, в лесу ему это дают? — спрашивает он, а я хочу сказать, что ему здесь этого не дают, но не говорю, потому что и так перегибаю палку. — И что, надо взять автомат и стрелять?

— Но вы же педагог, вы знаете, как легко молодые попадают под чужое влияние.

— Это другая часть задачи — сделать так, чтобы они не попадали. Для этого не нужно долго разговаривать — для этого нужно создать нормальные рабочие места, учебные места. Чтобы этот молодой человек получил достойное образование, работу. Это вы правильно говорите. Конечно, силовыми методами эту проблему не решить. Силовые методы только против тех, кого невозможно переубедить. А остальная молодежь — она нуждается именно в заботе, и именно мы, власть, должны создать для нее условия.

— А как сделать так, чтобы она поверила власти?

— Мы будем не только проводить спецоперации, но и строить заводы, фабрики.

— Вам наверняка звонят — докладывают о начале спецоперации?

— Да, — отвечает Магомедов.

— Что вы чувствуете в этот момент?

Он выдыхает шумно и долго. Какое-то время молчит.

— Ну… двойственные чувства, вы правильный вопрос задаете. Естественно, мне не может нравиться то, что идет спецоперация. Но я считаю, что самое страшное — если в ней страдают невинные люди. От этого мы, слава богу, отошли. И я правоохранительным органам на это жестко указываю. Когда идет точечная ликвидация террористов — это нормально. За это я правоохранительные органы хвалю.

— А вы смогли бы своими глазами посмотреть на результаты спецоперации?

— Я смотрел… Смотрел неоднократно.

— Я понимаю, что вы президент, а я всего лишь журналист, и я не должна вам такое говорить. Но вы все же представитель золотой молодежи, сын президента, а они…

— Я уже не молодежь… и не золотая, — останавливает он меня.

— Но вы были ею… В материальном плане горя не знали. А они совсем другие!

— Я вас понимаю, — соглашается президент, но я вижу, что ему трудно говорить о себе. — Но и у меня в жизни было не все, как вы думаете. Отец не воспитывал нас в каком-то закрытом мире, где нет никаких проблем. Наоборот, я вырос на улице, много общался с ровесниками — как все. У меня не было охраны, я не жил в изоляции, учился в нормальной школе, в нормальном вузе, жил в общежитии. Я все это знаю и сейчас стараюсь объективно смотреть на происходящее. Но среди тех, кто сегодня встал против государства, далеко не все из бедных семей. Это обманутые люди. Люди, которые поверили в ошибочную идеологию. Это печально. Они говорят: власть порочна, коррумпирована, погрязла в чем-то аморальном… Сейчас какие к нам могут быть претензии? Мы боремся с наркоманией, проституцией, азартными заведениями, притонами. Что, разве это неправильные поступки? В том, что вы говорите, есть правда. Просто нужно время, чтобы люди поверили и поняли: власть меняется.

— Вы любите живопись?

— Любил.

— Почему «любил»?

— Потому что сейчас нет времени посещать галереи, выставки, смотреть альбомы, каталоги.

— Вам нравится Ван Гог?

— Нет, но не буду сейчас о своих художественных предпочтениях. Просто скажу, что, когда я не занимал такие ответственные посты, я старался помогать галереям, поддерживал наших дагестанских художников.

— Образованное население – гарантия выживания республики. Но дагестанские дипломы совершенно не гарантируют приемлемый уровень образования.

ХІежрукъалда чІварал кверал ги росун ...

— Только здесь у нас?

— Да.

— А в других регионах? — снова усмехается он.

— Не в таких масштабах.

— Почему вы так решили? Часто бываете в Дагестане?

— Я на Кавказе бываю регулярно.

— Но как часто? У вас представление о Дагестане совершенно постороннее. Вы формируете его не из того, что есть реально, а из общей медийной картины.

— Два года назад я сама готовила репортаж из дагестанского университета.

— И что, там с пачками денег ходят? Ну, неправда…

— Ходят. И студенты демонстрировали мне деньги, которые собирались уплатить за экзамен.

— Вам еще не то покажут! Что, прямо деньги? Какой вуз?

— ДГУ.

— Какой факультет?

— Юридический.

— Сейчас происходят большие изменения. У вас эпизодические представления о вузе, и вы все рисуете черными мазками: все студенты с пачками денег… Нельзя так. Я сам там преподаю. И ни разу в своей жизни не брал взятку!

— Ну… вам-то зачем?

— А тем преподавателям зачем? Они что, родились сволочами или взяточниками?

— Денег хотят. Деньги все любят.

— Почему?

— Потому что можно купить очередной банкетный зал…

— Потому что труд преподавателя, профессора недостаточно оценен. Он должен строить свою жизнь. Большинство из них берут деньги не потому, что они патологически жадные коррупционеры, а потому, что такая, к сожалению, система образования. И учителя в школе берут деньги не потому, что они такие плохие, а потому, что на их зарплату невозможно нормально существовать.

— Не надо идти в учителя. Когда я поняла, что если стану учителем, то буду жить бедно, я пошла в журналистику…

— Вот видите! А есть люди, которые хотят быть преподавателями, хотят учить детей.

— А как их учить, если ты с них деньги взял? В глаза им смотреть как?

— Во всем мире учат за деньги, чтоб вы знали.

— Но не за взятки.

— Если преподаватели будут получать нормальные деньги, большинство из них не будут брать. В этом все дело. Сегодня нормальный учитель, который не берет деньги, это человек небогатый. Ему трудно. Корни коррупции не в природе человека, а в системе.

— А уважение к себе?

— Можно ничего не делать, уважать себя и умереть с голоду. Коррупцию нужно пресекать в корне, то есть искоренять ее причины, а потом уж карать тех, кто ею занимается.

— Вы экономист. А экономика, как я понимаю, в регионе не развита.

— У вас на все такой взгляд … Почему вы так решили? Разве у нас хуже, чем в русских деревнях?

— Но мы говорим о вашей экономике. В Дагестане природа богаче.

— В Черноземье природа гораздо продуктивнее, чем у нас.

— То есть там сельское хозяйство лучше поставлено?

— Почему вы решили, что у нас плохо?

— Потому что главный показатель плохо работающей экономики — это бедное население. Ведь так?

— Уровнем жизни это называется. Да, согласен с вами. Средняя зарплата у нас ниже. Производимая продукция — валовый региональный продукт на одного человека — меньше, согласен. Но по сельскому хозяйству у нас есть показатели, которыми мы можем гордиться. У нас самое большое в России поголовье мелкого рогатого скота. Мы также производим больше всех винограда — Краснодарский край и Дагестан. Овощей мы выращиваем больше всех в стране. И это в основном за счет личных подсобных хозяйств. Большинство населения живет в сельской местности и занимается разведением скота, садоводством. К сожалению, этот путь экстенсивный. Количество людей, работающих в этом секторе, растет, а вот производительность труда, продуктивность у нас невысокие. Мы планируем создавать агропромышленные холдинги, основная цель которых — закупать продукцию у этих производителей, хранить ее, перерабатывать и доставлять уже в готовом виде в другие регионы России. Это серьезно улучшит рынок: люди будут знать, что у них есть гарантированное место сбыта. Вообще же у нас около двухсот восемнадцати инвестиционных проектов, которые входят в стратегию социально-экономического развития Северо - Кавказского округа. Проблема в том, что нам нужно привлекать средства, а банки требуют залог, который в нашей республике трудно обеспечить. Поэтому поддержка, которая будет оказана Министерством финансов, — серьезный инструмент. Я думаю, он даст нам возможность в ближайшее время начать осуществлять эти проекты. А потом уже сделать так, чтобы Дагестан стал местом привлекательным для инвесторов.

— А богатые выходцы из Дагестана вам не помогают?

— Помогают. Им небезразлично то, что происходит в республике. Могу назвать наиболее известного дагестанца: Сулейман Керимов. Один из его проектов — завод по производству листового стекла, он даст большой экономический эффект. Есть еще одна социальная нагрузка — строительство Дворца молодежи. Бизнесмены — наш резерв. Мы обеспечиваем им защиту инвестиций, льготное налогообложение — все вместе это должно сработать.

— Вы ни разу не пожалели о том, что стали президентом?

— Вы какие-то личные вопросы задаете.

— Вы президент Дагестана. Не все в нашей стране вообще имеют представление об этой республике. Пусть наши читатели знают, что за человек президент Дагестана, — объясняю я, и Магомедов держит паузу, взвешивая мои слова.

— Нельзя сказать, что пожалел… хотя я знал, куда иду, — наконец говорит он, — но реальность оказалась жестче. Бывают минуты, когда… не то что разочарование, а, как бы это вам сказать, сожаление… не хватает возможностей. Я вижу, что надо сделать, и знаю как, но реальных возможностей у меня не хватает. Ни финансовых, ни организационных. Вот в такие минуты и бывает ощущение, что вроде ты руководитель и от тебя столько зависит, но…

— Вы человек суровый?

— В меру, — отвечает он, и я киваю головой — хоть он и смирился с моими «личными» вопросами, его дипломатичность меня не обманула: он человек суровый.

— А преподаватель строгий?

— Преподаватель тоже достаточно либеральный, — отвечает, подавив вздох.

— Вы чувствуете в себе какие-то изменения, случившиеся с тех пор, как вы заняли президентский пост?

— Ну, тут, наверное, легче судить другим, тем, кто наблюдает за мной… Естественно, образ жизни поменялся — теперь я уже не тот, какой был до президентства. Уровень ответственности такой, что становишься гораздо более сдержанным, ведь от твоих решений зависит не твоя личная судьба, а судьба дагестанцев.

— Почему вам неприятно отвечать на личные вопросы?

— Я не говорю, что неприятно. Приятно, может быть… Но как-то, думаю, не стоит, может, мои личные ощущения на публику выносить?

— Как вы думаете: война начнется?

— Где?

— В Дагестане.

— Нет, я думаю, не начнется. Почему она должна начаться?

— На мой взгляд, тут уже идет гражданская война. Если одни убивают других, то есть одни братья убивают других… Можно ли их назвать братьями?

— Мы все тут братья.

— Ну и вот, если брат убивает брата…

— Это не с нас началось. А с Авеля и Каина. — Наверное, так же он говорит с подающими надежду студентами. — Это во-первых. А во-вторых, мы не убиваем друг друга — мы убиваем бандитов и преступников, а это очень большая разница. Если наши земляки становятся преступниками и бандитами, они уже не братья нам.

— Вы играли в футбол?

— Уже третий раз о себе это слышу. Нет, не играл, но занимался боксом.

— И как, похоже президентство на бокс?

— Конечно. Постоянно чувствуешь себя как на ринге. Тебя пытаются ударить…

— Ударить? Вы же тут самый главный.

— А наша жизнь — постоянная борьба, и это не зависит от занимаемой должности.

— У вас, президента, друзей прибавилось?

— Нет. Не прибавилось. Но я их сохранил. На этом посту приобрести новых друзей трудно: они не приобретаются в кабинетах. Есть, наоборот, люди, в которых я разочаровался — в их профессиональных и даже человеческих качествах. Но никто не мешает мне производить изменения в команде.

— Сила — она в демократии или в жестких методах вроде спецопераций?

— Сила в гармонии. Должна быть и демократия, но государство должно быть сильным. Если есть враги, они должны получать отпор. Но если власть держится только на силе, она недолговечна и непродуктивна.

Интервью окончено. Президент Дагестана встает с места, чтобы проводить меня. Он не так давно вступил в должность, и мы, журналисты, еще не успели ему надоесть.

За Домом правительства начинается Каспийское море, и оттуда на площадь, где я стою, обрушивается порывистый ветер. В городе пятые сутки идет дождь. В городе пятые сутки идут спецоперации по уничтожению боевиков. Под вечер я встречусь с местным оппозиционером, который скажет о новом президенте Дагестана так: «Надо признать, что он состоявшийся бизнесмен. Воровать не будет. Наоборот, он захочет, чтобы его имя было вписано золотыми буквами в историю Дагестана».

Джамахириялъул ахир

ЗахIматаб, гIадлу биххараб заман рещтIана гIараб пачалихъазда. Шималияб Африкалде щвана хиса-басиязул къуватаб гьури. ГIемераз абулеб рагIана ва гьеб абуралда божулелги рихьула – Бакътlерхьул пачалихъаз, Америкалъ борханила гьеб гьури. Жакъаги нилъерго цIияб заманалъул тарихалъул пикру гьабидал, гьебго Бакътlерхьул пачалихъаздагун Америкалда гIайиб чIвай тIадаблъун бихьула цо-цо нилъераздаги. Борхилаандай хиса-басиялъул гьури, борхиялъе гIилла я Ливиялда, я Египеталда, я доб заманалда Совет Союзалда букIинчIебани! Миллат инжит гьаби, халкъалъул къадру гIодобегIан гьаби ккола Гуржиялда, Украиналда ва цогидал пачалихъазда халкъ багъа-бачарун ккарал хиса-басиял цогидал пачалихъазда хурхинари ва гьезде тIами. ГIараб пачалихъалда гьеб гьури борхизе дида лъалеб чамги хIужа ва гIилла буго.

ТIоцебесеб: Жеги 30-ялдаса цикIкIун соналъ цебе дида цадахъ Москваялда цIалулел рукIана гIемер гIарабал. Хасго Сириялдаса рукIана БААС партиялъул нухмалъулезул лъимал, гьеб партиялъул гIолохъанал хIаракатчагIи. Гьелгун цадахъ дагьалго рукIана БААСалда жодор хурхен гьечIел, цохIо жодор бажариялдалъун, лъаялдалъун цIализе Москваялде нух бахъаралги. ТIоцебесеб тайпаялъул рукIана чIухIарал, гIамал кIудиял, бечедал, гьебго заманалда цIалиялъул кIудияб агъаз гьечIел. Гьезие стипендияги цIикIкIараб букIана, гьездехун бербалагьиги хасаб букIана. КIиабилеб тайпаялъулин абуни, гIодор риччарал, диниял, кутакалда цIалуе кIвар кьолел, гIаданлъи цIикIкIарал. Гьез шурун бицунаан дида жодор пачалихъалда бугеб гIассияб, тIолгоязда хадуб бугеб халкквей, БААСалъулаз мерхьулеб пачалихъалъул. Доб заманалда советияв чиясда рагIараб жо букIинчIо Сириялда Асадил рагъул самолетаз Хама шагьар рахъуялде сверизабураб.

ГIилла: Исламияб жамагIаталъ Хама шагьаралда Асадида дандечIей байбихьун, гьеб жамагIаталъул сиясиял тIалабал раккизе байбихьун. «Хама шагьар Асадица географиялдаса историялде битIанилан аби буго нижер Сириялда» - ян бицунаан дида гьеб пашманаб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ дир гьудул ХIасаница. Цоги Сириялъул чи аскIов вугони - Сириялъул хIакъалъулъ кинабгIаги калам тIагIулаан. Расул ХIамзатовасул кочIол рагIабазулъ «Аллагьгун эбелилан» рагIидал, ХIасаница дида гьикъана: «Нужор гьаниб гьадинал, Аллагь рехсарал кучIдул ахIизе бегьулищ?». Сириялда гIенеккизецин бегьуларин, исламалда хурхараб я кечI, я кинаб бугониги асар гьукъараб бугилан бицана гьудулас. Гьеб букIана 1976 - 79 соназда. Гьелго соназда нилъер Дагъистаналда, ЦIумада районалда гIурул рагIалда ругел тIад рахун как базе бегьулелщинал гамчIил къанал гъуризе тIамулел рукIана таращмахIал алкашал. Гьеб кампаниялъе нухмалъулелги рукIана Америкалъулгун ИзрагIилалъул гурел, цIумадисел, коммунистазул бутIрул. (Гьаб бакIалда абичIого рес гьечIо, доб заманалъ гьел ганчIазде рагъ барав райкомалъул бетIер Дингаев Расул, партиялъул хъулухъалдаса ун хадув Шаваялда гIачивехьлъун хIалтIана, ахиралда гьебго лъарагIлъиялда мажгиталда будунлъун вукIанилан рагIана). Рихьулищ Асадилги, нилъер коммунистазулги релълъарал гIаламатал? Гьел гIаламаталин жакъаги нилъер коммунистазул хутIелалгун Башар Асадил гьудуллъи цIунизе гIиллалъун кколел. ТIолго дунялалде ахIтIон гьарулеб буго Сириялъул Асадида дандечIараз: «Гьабе кумек, тоге гьаб вахIшияб режималда гъоркь ниж!» абун. Нилъеразе «стабильность» къваригIун буго Сириялда. Нилъер пачалихъалъул кIудиял гьудулзабазул сияхIалда хасаб бакIалда рукIана Саддам ХIусенгун Муаммар Каддафи, Мубаракгун СалихI ва гьелгурел цогидалги «миллияб багъа-бачариялъул» бахIарзал. ТIолго гьел совет союзалъул гьудулзаби хутIана гIараб пачалихъазе нухмалъулеллъун 30-40 соналдасаги цIикIкIун.

КIиабилеб: Социалистияб Джамахирия гIуцIулевин абун, цохIо жив битIараб нухда, хутIаралщинал гьетIараб нухда рукIиналда 40 соналъ ракIчIун чIухIдарана Каддафи. Гьеб 40 соналъ Къуръаналда бащад гьабун букIана Каддафил «ГIурччинаб тIехь». Инсул тахиде вахана Башар Асад, азаазар мисриял къватIир рахъун нахъе аян гьаранигн, инарилан чамго моцIалъ тIирун чIана 30 ялдаса цIикIкIарал соназ бетIерлъи гьабурав Мубарак. Нахъе ин халат бахъанагIан халкъалъул ццинги цIикIкIана, гIадлунизамги биххана.

Гьебго нухдасан унел руго СалихIгун Асад. Гьезул дандечIей халат бахъанагIан биги цIикIкIине буго гьел пачалихъазда, гьел нахъе ун хадур, гIадлу-низамалде руссинги халат бихъине буго.

Ахираб 20 соналда жаниб гьел гIараб пачалихъазул гIемер гIолохъаби ине ккана БакътIехьул Европалде, Америкалде, Россиялде. Азаазар Ливиялъул, Тунисалъул, Сириялъул, Египеталъул гIарабазе Германиялда, Франциялда, Италиялда, Россиялда, Америкалда щвана тIадегIанаб лъай, гьениб гьездa бихьана батIияб гIумру, бичIчIана заманалда рекъараб ва инсанасе мустахIикъаб гIумру-яшав гьабизе кинаб бугониги джамахирия хIажалъуларебли, кинал ругониги мубаракал я каддафиял къваригIунареблъи ва гьел бутIрул гьечIогоги, гьезул «гIакъилаб» нухмалъи щвечIониги гIумругун яшав дунялалдаго гьезул ватIаналда бугелдаса гIемер лъикI букIин, инсанасул ихтияралгун ресал ватIаналда ругелдаса гIемер тIадегIан рукIин.

Лъабабилеб гIилла: РакIалде щола, 1991-92 соназда ГIиракъалде Саддамихъе ана Россиялъул вакил, жинда гIарабазул гIадатги, тарихги, маданиятги лъикI лъалев, живго ХIусенги цевего лъалев Евгений Примаков. Гьес гьарана ХIусенида: «РитIухъал, рагьарал рищиялги лъазарун, те дуца бетIерлъи, риччанте халкъалъ килищ битIарал цIиял гIадамал бетIерлъиялдеги, пачалихъалъе нухмалъиялдеги, гьеб мехалда лъилниги дуда гIайиб букIинаро ва ГIиракъалъул ракьалда рекъел хутIила. ТIамуге дурго халкъ бидулаб данечIеялде!» - абун. Къабул гьабичIо ХIусеница. «Дица Америка бидулъ гъанкъизабила!» абун, гьодорал хIинкъаби кьуна. **ХIасил**: ХIусен, катил тIинчIгIадин, царал картIинисаги вахъун, къабихI гьавун кварида вана, лъугIи гьечIеб цIадулъе тIолго ГIиракъалъул халкъ цIана. Гьебго гьари ахирал моцIаз загьир гьабуна Каддафида. КъватIир рахъарал аза-азар жиндирго ракьцоязда тарщалин, гьабийин кIалъана, кинабгIаги маслигIаталде ине пикру гьабичIо, биххулеб, бухIулеб, гьурулеб Ливиялъцин гьесие асар гьабичIо. Гьединабго тIалаб буго жакъа Сириялъул дандечIаразул Асадидаги, Йеменалда СалихIидаги. Каддафи къуркьичIо, амма янгъиз хутIана, чороклъиялда жанив вахчизе ккана, гьенисан цIан вахъун къабихI гьавун, вахIшияб хIалалда чIвана.

Абичlого чара гьечIеблъун рикIкIуна: кинаб мунагь - гIайиб Каддафида букIун батаниги, бегьуларо инсан додин къабихI гьавизе, хасго асирлъуде вачIарав, яги асир гьавурав чи. «Дир би хIарам буго нужое, кьвагьуге! Нуж кколаро лъикIаб - квешаб борцунел цIадираби, гьабуге хIарамаб иш!» - абун ахIтIолесда щвана досие ахир лъураб гулла. Жаназа къабихI гьабиялъ бергьенлъи босараб къукъа берцин гьабуларо, гIорхъолъа борчIараб рагъдаги гурхIел - рахIму къваригIуна.

Асир гьавурав, лъукъарав Каддафи вихьидал ракIалде щвана доб кьогIаб 1999 соналъ асир гьавурав, вухун хъахIиллъарав, кверазда рахсал рарав, ракьалда вегарав ва чIагояв дагъистаниясда чамго нухалъ тункIил хъундагъ кьабулев Дагъистаналъул политик. Гьебги, тIолгоязда жиндирго «бахIарчилъи» бихьизе, телекамерабазда цебе!

Туннисалъул, Египеталъул бутIрузул гIакълу гIуна, захIматгониги, нахъе ине. Туннисалда рищиял тIоритIана, жеги киданиги букIинчIеб хIаракатчилъи бихьизабуна туннисалъулаз рищиязда. *(Баркала кьезе ккола Бен ГIалие, халат бахъичIого, жиндир заманалъ пачалихъ тун тIурарав).*

Гьабугьинан ракълил гIумруялде бачIина пачалихъ. Амма Сириялъулгун Йеменалъулаз бетIерлъудаса ине инкар гьабуна, тIолго халкъ гъурунги къираллъи кьеларо абун чIун руго. Жакъа Йеменалда нусазарго чи къватIив вахъана СалихIие нагIана кьолаго, гьесие тамихI тIалаб гьабун. СалихIие гьелги тарщал, гьаби ратила, Каддафиего гIадин. Къойидаса къойиде хIалуцунеб буго Сириялда ахIвал-хIал, цIикIкIунеб буго гьенибги «тарщазул» къадар. Президентасул, къираласул рахъ ккун къватIир рахъиялъул, гьел демонстрациял гIуцIиялъул къагIидаби, кин аза-азар чиновникал, хIукуматалъе мутIигIал чагIи ракIарулел, нилъеда малъичIого лъала ва Румыниялъул (1989 с), Ливиялъул мисалазда бихьана.

АнцI-анцI соназ хисичIого, жиндие бокьараб хIалалъ ва жиндие бокьаралъуб халкъги бачун нухмалъизе бегьула жакъаги. Амма гьелъие чара гьечIеблъун ккола тIолго халкъ гьересиял маргьабаз кваназаби, Интернет тIубанго къай, телевидение, газетал цокIалаб пикруялда чIезари, радио - приёмникалдасанцин къватIисан калам жанив вугесда рагIизе гьукъи, гьеб гIиллаялъ, Кореялдаго гIадин, гьел приемникал тIолгоязухъан, ярагъго гIадин, рахъи. Гьеб политикаялъул хIасиллъун лъугьине ккола 2-3-5 соналдаса тIолго халкъ, Шималияб Кореялдаго гIадин, президент яги хан живго Аллагьас жодое кьурав вукIиналда божи, цокьераб халкъ, цо мухъ гьабун президентасда сверухъ гъунки. *(МухIу нилъее Аллагьасго кьурав вугилан муфтияс хьул лъезабун букIана даимаб гъункиялде Дагъистан ахIизе. ГъункичIолъи муфтиясул гIайиб гуро).*

Гьеб къагIидаялде рачIани, кинабгIаги гьуриялъ квал-квал гьабуларо президентазегун ханзабазе. Гьединаб пачалихъалъул бищун тIадегIанаб къиматги ккола «стабильность». Гьеб рагIиги ккола нилъер нухмалъулезе гьаб ахираб 10 соналъ бищун хирияб ва къиматаб рагIи.

БукIинесеб Аллагьасда лъала.

ГIабдурашид САГIИДОВ,
Москваялда вугев
«Миллат»
газеталъул хасав мухбир

! **Кинаб мунагь - гIайиб Каддафида букIун батаниги, бегьуларо инсан додин къабихI гьавизе, хасго асирлъуде вачIарав, яги асир гьавурав чи.**

№22 (22) 4 ноябрь 2011 сон

«Миллат» газетальул бетIерав редактор БисавгIалиев МухIамадихъе рагьараб кагьат

Дун вуго инвалид, захIматальул ветеран, Дагъистан Республикаялъул росдал магIишаталъул «МустахIикъав зоотехник» Ильясов ГIабдулла Хизриевич. ГIумру гьабулеб буго МахIачхъалаялда. Дица цониги номер гьоркьоб биччачIого цIалула магIарул мацIалда къватIире риччалел киналго газетал ва журналал. Нужер «Миллат» газеталда гIезегIан лъикIа-лъикIал макъалаби, къисаби, мальа-хъваял, тарихиял лъугьа-бахъинал рахъулел руго, гьездаса дун разияви вуго. Амма 14 абилеб октябралда къватIибе биччараб газеталда бахъараб Сталин какун гьабураб Гьарадерихъа ГIабдулпатахIица хъвараб асаралъ дир ракI гьанцIизабуна. Дида лъаларо кинан кIвараб ГIабдулпатахIида гьединаб кечI хъвазе ва гьеб газеталде кьурав чи кигIанги инсаб тIагIарав кколев?

Киналго «Миллат» газета цIаларалщиназ абулеб буго бетIерав редактор киве валагьун вукIарав гьаб асар бахъулеб мехалъилан?

ТIолабго дунялалда, Россиялда ва Дагъистаналда лъала Иосиф Виссарионович Сталин щив чи вукIаравали. Тушбаби сородулаан досул цIар бахъани. ВатIаналъе, Сталиние гIоло гурищ къеркьарал ццидалав тушманасде данде нильер советияб халкъ? КъвакIараб бахIарчияб нухмальиялъул хIасилалъ гурищ фашизмаялда тIад бергьенльи босараб? ТIолабго дунялалъул хъвадарухъабаз, поэтаз хъвана рагъул заманалдаги, рагъ льугIун хадубги Сталинил къвакIияльулги бахIарчильияльулги хIакъалъулъ тIахьал. Льица гьел тIамулел рукIарал гьел хъвазе? Льицаго тIамичIо, вождасдехун букIараб жидерго рокьиялъ тIамуна. Нильерго Дагъистаналъул хъвадарухъабаз, поэтаз: ЦIадаса ХIамзатица, АбутIалиб Гъапуровас, Сулейман Стальскияс, Расул ХIамзатовас, ГIабдулмажид Хачаловас, Муса МухIамадовас ва гьел гурел цогидал поэтазги, хъвадарухъабазги дагьабищ хъвараб Сталинил бахIарчильияльул ва къвакIараб гIадлуялъулги хIакъалъулъ?

Гьел киназдасаго бергьарав ва цIодоравищ ккарав Гьарадерихъа ГIабдулпатахI?

История нахъ буссинаро ва амма бокьилаан жакъа дагьабго заманаялъ Сталин чIаго гьавизе. Гьеб мехалда лъалаан щивав чи кин вукIарав ва кин вугевали.

Дица газеталъул бетIерав редактор, хIурматияв БисавгIалиев МухIамадида ва коллективалда гьарула гьаб Сталиниде гьабураб дирго кечI нужер газеталда бахъеян. Дица рикIкIунаро гьаб щвалде щвараб адабияталъул асарльун, амма ракI гIодобе биччачIо додинаб цIакъго тIаса борчIизабун Сталин какараб кечI «Миллаталда» цIалидал дирго пикру загьир гьабичIого.

Нужер хIурматгун Ильясов ГIабдула,
ЧIарада район, Гьочоб росу

Къо-мех лъикI, «ХIакъикъат» ...

Къо-мех лъикI, «ХIакъикъат»-
хIинцав Дациев,
Дагьавги дий хIинцав, довго - ПатахIов.
Пушкин дир вахъинин, «ризлъулев вугин»,
Дие гIурхъи чIварав «гIакъил» Камалов.

Къо-мех лъикI, Зульфия, меседил горо,
Цо мунин йикIарай дир рекIел роржен.
Гьанже «Миллаталъул» цIар бугей мухбир,
ЦIвабзазулъанги нур, пикрудалги кан.

Цойги йиго гIадан гьений хутIарай
ЦинтIаго рокьи ккун дун инагьдарай;
Урхъи буссиналъе бачIуна «Миллат»,
Гьелъул милат гьабун те дун парахат.

Талантазе гъолеб меседилаб къор -
Къо-мех лъикI,«ХIакъикъат» -
гъунин дуйги къор.
Къалбу дир букIина цIунун дир миллат
Дун дугIадулъ ккуни дуйги баракат…

ЛъикI щвараб, «Миллат»!

МагIарул рагIиги, магIарул яхIги
Жеги борхалъуда, магIарда иццлъун.
Нуж гьелъухъ къечарал, ахада ругел,
Ракке «Миллаталъул» матIуялъуре.

Цере лъун рихьила рагьарал ракIал,
Гьайбатал асарал журналистазул.
БисавгIалиевас бисмиллагьги лъун
Лъуна «Миллаталъе» биххулареб кьучI.

Хьирхьидулел борхьал, - цо миллаталъе
КIигогIан басма щай, бегьуларилан.
Бегьулеб щаяли лъалищха азда,
Лъелаб пикруялъул чотIахъабазда.

ЦIияб иццги батун вохун вуго дун
Лъаялъул хIавузалъ гьавула хIайран.
ХIасратаб магIарул мацIалъ бачIунеб
Барка, лъугIел гьечIеб батаги «Миллат»!

(Авторасулги редакциялъулги пикру кидаго данде кколаро, макъалабазулъ рехсарал хIужабазул жаваб къола авторас, ай ГIирбанил ХIажияс)

Сталиниде

Рохалил гIумруги, гIелмудул нурги
ГIаламалъе кьуна Сталиница.

Жакъа бокьилаан хварав Сталин,
Хабалъаги вахъун чIаго гьавизе.
ЧIегIерал михъалги кьурулаго гьев,
Гьанже анищ щвезе Кремлиялде.
Какизе гьевги щун, мурад тIубарал,
ГIоркьилаца бугин ракь чорок гьабун.
Памятникал риххун, суратал рухIун,
ХIел-хIел чагIи ругин рекIел хIалги кьун.
МахIцараб хIорониб къуркъбуца бугин,
КъвакIараб мугIрул цIум инжит гьабулеб.
ГIиял къай цIунарал гьаби тIаделъун,
ТIутIун балеб бугин гъалбацIил цIоко.
Дур кьварараб закон тIагIинабидал,
ТIатана Сталин чIегIерал гьерсал.
Гьал ришватчагIиги шабашникалги
Ратана гIемерал коммунисталлъун.
Дунял соролаан дур сас рагIани,
Сапаралъ къватIивги унароан мун.
Амма дур рагIадалъ, рагIул кьвариялъ,
Кьер босун унаан подхалимазул.
Капиталисталлъун жакъа ругезе
Вахъая, Сталин, гIадлу гьабизе.
Гьанирги дораги дунял цIун ругел,
ЦIогьабазул гIумру къокълъизабизе.
ЧIаралъуб махIцараб хIорил лъим гIадаб,
ХIукумат бихьизе вахъа, Сталин!
Гьал хIорго хутIулел хIукмаби хъвалел,
ХIакимзабазда нух малъе, Сталин!
Лъилго кумек дуца тIалаб гьабичIо
Гьарун цогидазда аскIове инчIо.
Нильерго халкъалъул гIумру тIегьазе
ТIолабго жан-къуват ирсалъе тана.
Мунго хвананиги лъида кIочонеб
Дур гIадлу-низамги кьвара-гъариги.
Гьанже цоцоязе мун вокьуларо
ГIадлуяв чи гьазий хIажатав гьечIо.
ТIолго Кавказалъе мун хIажат вуго,
Гьекъолеб лъим гIадин, кунеб квен гIадин.
Дур цIудулал берал къанщаралдаса
ЧIухIарал мугIрузцин чIегIербан буго.

Лъикlаб гьечIо ахIвал-хIал

Бер гьечIел пиратаз карачелальан
Бачун унеб гама гурищ мун, улка?..
Р.ХIамзатов.

Гьал рагIаби рагIулелги руго, хъвалелги руго гIемер. ЛъикIаб ахIвал-хIал гьеб кинаб букIунеб? Кин гьеб нильеда дагъистаниязда бихьулебали, цебе чIезабизе захIмат буго. Щивасул буго жинди-жиндир бербалагьи гьеледхун, кире унел ругел нилъ? Балагьараб мехалъ киналго гIайибалги руго, гIайиб бугев чиги гьечIо. Цояз какулев вуго президент, чиновникал ва гь.ц. Цогидаз какулел руго диниял чагIи. КIетIезе журан руго миллатазда. Дол гьадинал руго, нилъ лъикIал руго. Ахирисел «Миллаталъул» номеразда цояс гIурус миллат какулеб буго, цогидал магIарул миллаталда гъорлъ батIи - батIиял жамагIатал какулев вуго, цояв магIарул цIарал тIад руссинарулев вуго, цояв киллер щив, гIарац щиб бичIчIизабулев вуго. «Миллаталъул» редакторасдаги, чай гьекъезе араб бакIалда рагIун буго Генуб ва Балахьуни кколеб букIараб. Гьезда гIайибал чIвалев гьечIо ва гьезие къимат кьей дир хъулухъ кколаро, рекьон гьечIо цогидазе къиматал кьезе, дицаго раснигги гьабулебги гьечIеб мехалъ. Росулъ басрияб ицц къачIазе льугьарасде гIабдалин абула ва журала гаргадизе гьеб гьабизе кколеб жо гурин, жибго тейилан, дуе хъулухъ кколебги гьабун иш тейилан. Гьал гIолохъабаз хIаракат бахъулеб буго льица щиб бицаниги ицц къачIазе, гьельухъги кIудияб баркала буго, тавпикъ кьеги.

Амма бокьилаан гьеб хIал-къват, льай миллат цольизарулеб ва тIегьазабулеб рахъалде буссинабуни. Чанго сон буго къойил гIолохъаби чIвалел нильер ракьалда.

Жакъа нильер ракьалда бугеб льугьа-бахъиналъухъ балагьараб мехалъ ракIалде кколеб буго гьаб льугьа - бахъин дида цо бакIалда бихьун букIанин. Гьеб бихьулеб буго Надир-шагь щущахъ вихxизавияльул бицунеб мехалъ. Бокьилаан дагьабго мехалъ гьеб тарих нахъеги льун, жакъа кколеб бугельул бицине.

МахIачхъалаялда, Ленинил майданалде рахъарал гIадамал хъамун жанир тIамун рухун ругила полициялъ абидал, ракIалде щола 90 соназул байбихьи. Доб мехалдаги гIемер рукIунаан гьебго майданалде ракIарарал гIадамал, гьезул батIи - батIиял мурадалги рукIунаан гьенире рахъинальул. Жакъа къояльги гьенире рахъунезул кIудияб батIальи гьечIо, дол 90 соназ гьенире рачIунел рукIараздаса. Дозги тIалаб гьабулеб букIана ритIухъльи, жакъаги гьелдаго хадур рахъун руго гIадамал.

Амма батIальи щиб бугеб дол соназдаги жакъаги? Доб мехалъ хъахIаб рукъальул кIудияв эмен вукIана, гьанже вас вуго. Доб мехалъ гьеб ритIухъльи тIалаб гьабун гьеб майданалда ахIдолел рукIарал кIудиясул васасда цадахъ нильее «лъикIльи» гьабулел руго. Доб мехалъ майданалде халкъ бакIарараб мехалъ гьеб милиция - полициялъул ретIел ретIарав чи вихьулеб бакIалда вукIунароан.

Жакъа гьел полициялъ майданалде рахъарал рухулел руго, бихьулеб буго къуваталда рукIин. Жакъа политикаялъул тIарада ругел чагIазда льала гьебго нухдаса жидецаги 90 абилел соназда тIальиялде нух бахъарабльи. ЦIиял чагIи хIажат гьечIо гьезие, хъулухъ льималазухъельидал кьезе кколеб.

Къого соналъ хисиго ккун гьечIо, рачIаха хIисаб гьабизин хадусеб къого соналдасан хиси ккезе рес бугищали.

Цо нух гьечIеб бакIалде ккун ругин ккола, щивасул буго жиндирго ритIухъльи ва кинго кIолеб гьечIо гIадамазда гьоркьоб рекъел гьабизе. РитIухъльиялде абулеб щибго гьечIоан, жидерго ритIухъльи цIунулез дваргьиялда расги гIайиб гьечIел гIадамал чIвалел гьечIелани.

РакIалде щола Авторхановас хвелалде цебе жиндирго халкъалъе гьабураб гьари. «Кодоб Калашниковгун нильеда кIвезе гьечIо ритIухъли тIалаб гьабизе, нилъ цIализе кколин». Буго гьел рагIабазулъ ритIухъльи, амма сабру гIолеб гьечIо, нильер сабру гьечIольиялъул гьабун буго бизнес цо-цо погонал раз. Кинго кьуризе бакI гьечIо сабру гьабичIо.

Амма нух гьечIеб бакI букIунарин абиялъ ургьизе тIамула щиб ва кин гьабилеб. РакIалде щвана Махатма Ганди. ***ГЬЕСДА КIВАНА ИНГИЛИСАЗУЛ АРМИЯЛДАСА ИНДИЯ ЭРКЕН ГЬАБИЗЕ КОДОБЕ ЯРАГЪ БОСИЧIОГО.***

Гьес тIоцебе жиндаго тIад Индиялъул миллаталъул ретIелги ретIун ахIана халкъ ингилисазул тукабаздаса ретIел босичIого жидерабго ретIизе. Къокъ гьабун абуни ингилисаз бичулеб щинаб къайи босичIого гьезул даран букIунареб хIал гьабизе. Гьелдаса хадур гIемерисел ингилисазул фирмаби даран гьечIого къазе ккана ва Индиялдаса дагь - дагь ккун нахъе ине ккана.

Нильеца абулеб буго Китаялдаса ражи бичулеб бугила нильер базаралда, абулеб буго казино бугила, рази гьечIо саунаби рукIиналда, рази гьечIо гIаракъи бичулел тукаби рукIиналда, рази гьечIо рищватал росиялда. Льилниги дагIба гьечIо ришват кьеялде, дагIба буго босиялде. ХIисаб гьабуни гьел киналго бакIал метерго къала гьенире хьвадулел дагъистаниял гьечIони. РакI чIун абизе кIола Дагъистаналда цониги тукада бичизе гьечIо гIаракъи, гьеб нильеца босичIого тани, цониги базарганас бичун унареб къайи кколаро тукада. Халкъалда кIола гьаб ахIвал-хIал хисизабизе кодоб ярагъ босичIого. Учителасда ва тохтурасда кIоларо чIахIиял банкетный залал разе, векьарухъанасда кIоларо казино базе. Амма гIакълуялда гьикъун хIалтIани ва жамгIияб бичIчIиги цольиги бугони кIола гьезие ахир льезе. Флешкаби ритIун гуро, гьенире инчIого чIун. Дица гIажаиблъи гьабула доба Палестинаялда, Афгъанистаналда, Сириялда ва цогидал бусурбаби ругел улкабазда цониги жо ккани, гьел динальул вацал ругилан абун къватIире рахъун журала гаргадизе цIаларалин абулел чагIи, вахI нильерго гьанир къойил чIвалел ругониги гьел цIаларал чагIазул гIадан вихьулев гьечIо.

Льабкъоялда анцIго соналъ коммунистаз сахаб интеллигенция Сибиралде битIун, бетIер гьечIел чодулал гIадинан тана нилъ. Къого сон ана рагьун дин цIализе тарадаса, щибха ккараб? Дагъистан гIаммаб улкаялдаса батIа тIун льикIаб рахъалде бачунеб нух льалев чиги рагIичIо, жибго Россиялдаги льалеб гьечIо жибго унеб бакI. Цояв рахъалдаса пачалихъальул цольи цIуниялъе Кавказалда тIолел биял, цогидаб рахъалдаса Кавказ батIа гьабеян миллатчагIазул митингал. Нильер гьанибги кьерхун буго, букIинисеб цебе тIамизе захIмат буго.

Жакъа иманги, исламги, ихIсанги рекIелъ бугел дагъистаниял гIемер ругин абизе захIмат буго. Руго магжилалги гIурччинал такъияби льурабги халкъ, амма тIадехун рехсарал рахъал камильичIого гIадлуги, парахальиги Дагъистаналда букIин щакаб жо буго. ЛъикIаб гьабизе ва квешаб тезе тавпикъ кьеги нильее.

ГIумар АСХIАБОВ

подписка

« М И Л Л А Т » - МАГIАРУЛАЗУЛ ЖАМГIИЯБ ВА ПОЛИТИКИЯБ ГАЗЕТА

«Миллат» газеталъ щибаб рузман къоялъ магIарулазе рагьизе руго росабалъги, шагьараздаги, улкаялдаги ругел цIиял харбал, лъугьа-бахъинал, гьезда тIаса пикраби, бахIсал, машгьурал гIадамал ва гьезие санагIат гьечIел суалал, сапаралдаса хъвай – хъвагIаял, тарихалъул тIанчал ва ракIалдещвеязул щенолел цIадал, цIалдолезул пикраби, дандерижиял, кагътал, кучIдул ва кинабго миллаталда хурхараб щинаб рагьизе буго нужое магIарулазул цIияб, эркенаб «Миллат» газеталъ.

Миллаталъул милат гьабулев щивав магIарулав ахIулев вуго цIияб соналъе «Миллат» газеталъе подписка гьабизе ва гьелда тIаса пикраби загьир гьаризе. Нижер индекс: бащдаб лъагIалил 31169, лъагIалил 31172. Газета хъвазе бегьула киналго почтаялъул отделениязда ва Дагъпечаталъул киосказда.

Багьа:
бащдаб лъагIалие – 240 гъурущ.
лъагIалие – 480 гъурущ

бокьани божа, бокьичIони божуге

Бихьиназул логол борхалъи 130 см. гIодобегIан бугони гьел карликаллъун рикIкIуна, руччаби 120 см. къокъал ругони рикIкIуна карликаллъун.

Къоялда жаниб хъалиманалъул цо пачка бухIулев чиясул чорхолъ лъагIалида жаниб бащдаб банка пицIцIалъул (смола) бессула.



ЛъагIалида жаниб чиясул ракI кьабула 36 800 000 нухалъ.

Гьоркьохъеб къагIидаялъ гIумруялда жаниб щивав чиясул ботIрода бижулеб расул халалъи бахуна 725 километралде.

Кверзул малъал хIатIазулалдаса 4 нухалъ хехго рижула.



ГIумруялда жаниб инсанасул щибаб килищ 25 млн. нухалъ сукIула.

Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МахIмудовалъ.

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

Баркала «Миллаталъе» кIочон тарал магIарул рагIаби тIад руссинаруралъухъ, гьарула кIочон тарал рагIабазул словарь бахъе.

8928… .. 38

(Баркала, гIагарал номеразда къезе руго кIочон тарал рагIабазул словарь).

Гьеб Майсаратилгун хундерил чIандаялдаса ниж кида эркенлъилел?

Аварав

Нужее мандатал чIорого щванаян абуна президентас депутатазда, гьеб рагIун хIамил кIертцин кIарун белъизе бугоян абулаан мунагьал чураяв Къурахица гьединаб жо рагIарабго.

Добго Лологъонилъа, дойго ХIаписат.

(ХIаписатил мандаталде хьул лъураб къагIида, Лологъонилъ росдал гъоркьияб авалалдаса думаялде йихьизаюлей йиго «Миллаталъ», данде лъолел чагIазул пока ГIирбанил ХIажияв гурони лъалев чи гьечIо).

Къого закон къабул гьабизе парламеталъе цо къоцин хIажалъичIо, гьел тIуразиризе къого соналъцин кIолеб гьечIо.

8928 … .. 41

Гьал хундерил поэтазда рагIигойищ абизе бегьулареб, цосина аварагзабазул даражаялда лъезе гурин гьез жалго.

8928… .. 38

ЦIумадисезул базаралдаса гъоркье унеб бакIалда йигей дир ункъачода салам бице «Миллат», исанаги бачIинчIо бачие корма битIун, ихдал ячIина царал мацIги бицун бакънал рачине, данде битIараб саламалъул бакIалда кормаги босун цо мухбир витIе ГьаракIуниве.

Зулайха

ХIамзат ХIамзатовасда салам бице магIарул районазул рахъалдаса, гьес кIал биччалелде нух рагьизе кколин абураб рагIуда божун, жеги кIалги ккун руго магIарухъ.

8928 … .. 73

ГIахъушдерил щобде щвараб багIарбакъ Шамилил ракьалде кин баккулареб? Р.ХIамзатов *(доб дуняла лдаса кагъат).*

Хьиндалав

Гьанже миллаталъул миллат гьабизе квер гIанаб «Миллаталъ» гурун буго гъеж.

8963 … .. 40

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, ва Республикаялъул киналго "Дагпечаталъул" киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахIе тел.:
8-905-476-56-65,
8-988-261-85-25.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби



МохIоб росу

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
ООО «МИЛЛАТ»

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: г. Махачкала,
ул. Дзержинского, 17 б.
7 этаж, офис 4 а.

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.